



Pou Piblikasyon Imedya: 10/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

LIDÈ ASOSYASYON NASYONAL GOUVÈNÈ YO MANDE KONGRÈ A METE TÈT ANSANM NAN SOULAJMAN POU KOWONAVIRIS LA

Avèk plis pase 16 milyon moun ki nan chomaj, prezidan NGA a, Gouvènè Cuomo ak Vis prezidan an, Hutchinson, mande lidè federal yo pou travay ansanm sou solisyon reyèl pou travayè yo epi ede Eta yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo, prezidan Asosyasyon Gouvènè Nasyonal (National Governors Association, NGA) la, ak Gouvènè Arkansas la, Asa Hutchinson, vis prezidan NGA a, te reyaji jodi a sou echèk Kongrè a pou jwenn yon konpwomi sou yon nouvo pake soulajman pou kowonaviris semèn pase a ak sou [memorandòm](#) Prezidan an apre sa pou bay kèk avantaj pou chomaj anplis nan itilize fon pou soulajman kont katastwòf la.

"Ameriken yo santi efè ekonomik devastatè kriz sante piblik san presedan sa a nan tout gran nasyon sa a. Gouvènè yo pa sèlman te ap dirije nan premye liy yo pou pwoteje sitwayen yo, men tou yo te travay pou bay soulajman ak chak ameriken ki nan chomaj ki te afekte yon fason negatif anba COVID-19 la. Nou rekonèt patenarya federal la kote Kongrè a ak Administrasyon an te travay ansanm avèk Eta yo pou bay asistans finansye moun bezwen anpil la padan kriz sa a. Nou apresye pwopozisyon Mezon Blanch (White House) lan pou bay solisyon anplis pou adrese defi ekonomik yo; sepandan, nou preyokipe akòz fado ak depans administratif siyifikatif yo dènye mezi sa a tap mete sou Eta yo.

Pi bon fason pou nou avanse se pou Kongrè a ak Administrasyon an pou retounen sou tab negosyasyon an epi vini avèk yon solisyon reyalis, ki ta dwe bay soulajman anplis ki siyifikatif pou fanmi ameriken yo. NGA a te mande 500 milya dola nan èd san restriksyon pou Eta yo epi NGA a kontinye ankouraje Kongrè a ak Mezon Blanch lan jwenn yon rezolisyon pou bay asistans imedya pou ameriken ki nan chomaj yo. Rezolisyon sa a ta dwe evite nouvo fado administratif ak fiskal sou Eta yo. Li esansyèl pou ke patenè federal yo travay ansanm pou jwenn yon antant pou ede restore sante nasyon nou an ak pwoteje ekonomi nou an".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)